प्रश्न पुस्तिका क्रमांक / Question Booklet Serial No. :

# SECONDARY SCHOOL EXAMINATION – 2025

## Ekk/;fed Ldwy ijh{kk& 2025

(ANNUAL / वार्षिक )

MODEL QUESTION

MAITHILI (MT)

मैथिली (मातृभाषा)

| |
|---|
| iz'u iqfLrdk lsV dksM<br>**Question Booklet Set Code** |

विषय कोड: **104**
Subject Code: 

कुल प्रश्न: 100+6 = 106
Total Question: 100 + 6 = 106

कुल मुद्रित पृष्ठ: 22
Total Printed Pages: 22

(समय : 3 घंटे 15 मिनट)
[Time : 3 Hours 15 Minutes]

(पूर्णांक : 100)
[Full Marks : 100]

---

ijh{kkfFkZ;ksa ds fy, funsZ'k @ **Instructions for the candidates :**

1. परीक्षार्थी OMR उत्तर पत्रक पर अपना प्रश्न पुस्तिका क्रमांक (10 अंकों का) अवश्य लिखें।

2. परीक्षार्थी यथासंभव अपने शब्दों में ही उत्तर दें।

3. दाहिनी ओर हाशिये पर दिये हुए अंक पूर्णांक निर्दिष्ट करते हैं।

4. प्रश्नों को ध्यानपूर्वक पढ़ने के लिए परीक्षार्थियों को 15 मिनट का अतिरिक्त समय दिया गया है।

5. यह प्रश्न–पुस्तिका दो खण्डों में हैं – खण्ड–अ एवं खण्ड–ब।

6. खण्ड–अ में 100 वस्तुनिष्ठ प्रश्न हैं, जिनमें किन्हीं 50 प्रश्नों का उत्तर देना अनिवार्य है। 50 प्रश्नों से अधिक का उत्तर देने पर प्रथम 50 उत्तरों का ही मूल्यांकन होगा। प्रत्येक प्रश्न के लिए 1 अंक निर्धारित है। सही उत्तर को उपलब्ध कराये गये OMR उत्तर–पत्रक में दिये गये सही विकल्प को नीले/काले बॉल पेन से प्रगाढ़ करें। किसी भी प्रकार के व्हाइटनर/तरल पदार्थ/ब्लेड/नाखून आदि का OMR उत्तर–पुस्तिका में प्रयोग करना मना है, अन्यथा परीक्षा परिणाम अमान्य होगा।

7. खण्ड–ब में 6 विषयनिष्ठ प्रश्न हैं।

8. किसी प्रकार के इलेक्ट्रॉनिक उपकरण का प्रयोग पूर्णतया वर्जित है।

www.careerindia.com

## [k.M&v

## ¼oLrfu"B iz'u½

प्रश्न संख्या 1 सँ 100 धरिक प्रत्येक प्रश्नक संग चारि विकल्प (A, B, C, D) देल गेल अछि, जाहिमे एक सही अछि। सही विकल्प चुनिकय OMR शीटमे भरू। निम्नमे कोनो 50 प्रश्नक उत्तर दिअ। 50 X 1= 50

1. 'हऽ आब भेल वर्षा' शीर्षक रचयिता छथि :

(A) काशीकान्त मिश्र 'मधुप' (B) वैद्यनाथ मिश्र 'यात्री'

(C) उदयचन्द्र झा 'विनोद' (D) बुद्धिनाथ मिश्र

2. दिनेश्वर लाल 'आनन्द'क रचना अछि :

(A) मिथिलाक सांस्कृतिक सीमा (B) भोजन

(C) पर्यावरण (D) भरिछीपा भात

3. सुकान्त सोमक रचना अछि :

(A) बच्चा (B) कर्मवीर

(C) हाथ (D) रौदी अछि

4. विद्यापतिक कारणेँ प्रसिद्ध भेल :

(A) तरौनी (B) पिण्डारुछ

(C) बिस्फी (D) टेकटारि

www.careerindia.com

5. निमि जनकक पुरोहित भेलथिन :

(A) याज्ञवल्क्य (B) इक्ष्वाकु

(C) गौतम (D) कणाद

6. एड्सक कालनागसँ रक्षा लेल आवश्यकता अछि :

(A) बलक (B) धनक

(C) बुद्धिक (D) चरित्रक

7. आधुनिक मैथिली साहित्यक जनक कहल जाइत छथि :

(A) हरिमोहन झा (B) विद्यापति

(C) चन्दाझा (D) यात्री

8. जुड़ा जयतनि मोन प्राण आएल अछि :

(A) मजदूर लेल (B) धरती लेल

(C) किसान लेल (D) माल–जाल लेल

9. असहयोग आन्दोलनक मुख्य पुरोधा छलाह :

(A) जवाहरलाल नेहरू (B) राजेन्द्र प्रसाद

(C) सुभाष चन्द्र बोस (D) महात्मा गाँधी

10. कॉंग्रेसक स्थापना कयनिहार प्रमुख व्यक्ति छलाह :

(A) महात्मा गाँधी (B) दादा भाई नरौजी

(C) सरदार बल्लभ भाई पटेल (D) ए0 ओ0 ह्यूम

www.careerindia.com

11. प्राइमरी स्कूलक गुरुजीसँ कॉलेजक प्राचार्य धरिक यात्रा कयनिहार छथि :

(A) प्रो0 रमानाथ झा
(B) डॉ0 जयकान्त मिश्र
(C) डॉ0 सुभद्र झा
(D) डॉ0 लक्ष्मण झा

12. 'मिथिला विल राइज'क लेखक छथि :

(A) डॉ0 लक्ष्मण झा
(B) प्रो0 रमानाथ झा
(C) डॉ0 सुभद्र झा
(D) प्रो0 देवकान्त झा

13. 'पराधीन'क विपरीतार्थक शब्द होइछ :

(A) परतंत्र
(B) गुलाम
(C) स्वाधीन
(D) उक्त तीनू

14. 'दिनकर' शब्दक पर्यायवाची थिक :

(A) सूर्य
(B) दिवाकर
(C) मित्र
(D) उक्त तीनू

15. लिली रे द्वारा लिखित उपन्यास अछि :

(A) मरीचिका
(B) पटाक्षेप
(C) उपसंहार
(D) उक्त तीनू

16. राजमोहन झाकेँ विरासत भेटल छनि :

(A) जनार्दन झा 'जनसीदन'क
(B) हरिमोहन झाक
(C) डॉ0 सुभद्र झाक
(D) (A) आर (B) दूनूक

www.careerindia.com

17. लखनजी वाइस चान्सलर बनाओल गेलाह :

(A) ल०ना० मिथिला विश्वविद्यालयक

(B) बी० आर० ए० बिहार विश्वविद्यालयक

(C) पटना विश्वविद्यालयक

(D) कामेश्वर सिंह दरभंगा संस्कृत विश्वविद्यालयक

18. 'माँ वृत्त थिकीह' उक्ति अछि :

(A) बुद्धिनाथ मिश्रक

(B) उदय चन्द्र झा 'विनोद'क

(C) तारानंद वियोगीक

(D) चन्दा झाक

19. 'पढ़ब' शब्दभेदक अन्तर्गत अबैछ :

(A) संज्ञा

(B) सर्वनाम

(C) विशेषण

(D) क्रिया

20. 'सीता कलमसँ लिखैत छथि', मे 'कलमसँ' उदाहरण अछि :

(A) कर्त्ता कारकक

(B) कर्म कारकक

(C) करण कारकक

(D) आपादान कारकक

21. 'दालि–भात' शब्द समास–भेदक अन्तर्गत अबैछ :

(A) तत्पुरुष

(B) द्वन्द्व

(C) बहुब्रीहि

(D) द्विगु

22. 'रंगीन परदा' मैथिली साहित्यक विधाक अन्तर्गत अबैछ :

(A) कथा

(B) एकांकी

(C) नाटक

(D) उपन्यास

www.careerindia.com

23. 'जीवन चक्र' चित्रमे दृश्य रेखांकित कएल गेल अछि :

(A) दसटा
(B) बारहटा
(C) बाइसटा
(D) चौबीसटा

24. मैथिलीमे कथा लेखनक सूत्रपात करबाक श्रेय छनि :

(A) 'यात्री'कैँ
(B) राजकमल चौधरीकैँ
(C) चन्दा झाकैँ
(D) उदय चन्द्र झा 'विनोद'कैँ

25. 'विद्यार्थी' शब्द सन्धिक उदाहरण थिक :

(A) स्वरक
(B) व्यंजनक
(C) विसर्गक
(D) गुणक

26. 'अपनहि पयरमे कुड़हरि मारब' क तात्पर्य होइछ :

(A) अपन पयर काटब
(B) अपन उपकार करब
(C) अपनहि कुड़हरि भाँजब
(D) क्रोध करब

27. 'मनचंगा तऽ कटौतीमे गंगा' क तात्पर्य होइछ :

(A) मन चंगा रहलासँ कटौतीमे गंगाक दर्शन होइछ

(B) मनक पवित्र रहनाइ जरूरी

(C) मन चंगा नहि रहैछ

(D) हृदय शुद्ध रहलासँ सभ ठाम विश्वास होइछ

www.careerindia.com

28. बंगाल विभाजनक निर्णय लेल गेल छल :

(A) 1905 ई0 मे
(B) 1906 ई0 मे
(C) 1907 ई0 मे
(D) 1910 ई0 मे

29. गोदावरी देवीक जन्म स्थान छल :

(A) राँटी
(B) मंगरौनी
(C) लखनपुर
(D) बहादुरपुर

30. 'जल'क पर्यायवाची शब्द होइछ :

(A) पानि
(B) वारि
(C) नीर
(D) उक्त तीनू

31. 'तोँ केहन काज कय रहल छह' मे 'तोँ' अछि :

(A) उत्तम पुरुष सर्वनाम
(B) मध्यम पुरुष सर्वनाम
(C) अन्य पुरुष सर्वनाम
(D) सम्बन्ध वाचक सर्वनाम

32. 'कारी गाय भागि रहल अछि' मे 'कारी' विशेषण अछि :

(A) गुणवाचक
(B) अनिश्चयवाचक
(C) निश्चयवाचक
(D) सार्वनामिक

33. महाकाव्य जकरा 'साहित्य अकादेमी' पुरस्कार भेटल छैक :

(A) राधा विरह
(B) चाणक्य
(C) शकुन्तला
(D) (A) आर (C) दूनू

34. बौद्धधर्मक संस्थापक छलाह :

(A) महावीर स्वामी
(B) भगवान बुद्ध
(C) सागर मुनि
(D) उक्तमे कोनो नहि

35. चन्दा झाक जन्म भेलनि :

(A) 1821 ई0 मे
(B) 1831 ई0 मे
(C) 1841 ई0 मे
(D) 1851 ई0 मे

36. मिथिला राज्यक निर्माणक कल्पना छलनि :

(A) डॉ0 सुभद्र झाकँ
(B) डॉ0 लक्ष्मण झाकँ
(C) डॉ0 जयकान्त मिश्रकँ
(D) प्रो0 रमानाथ झाकँ

37. 'क्रैक' शीर्षकमे घटित घटनाक मास अछि :

(A) चैत
(B) वैशाख
(C) ज्येष्ठ
(D) आषाढ़

38. 'राजा सलहेस'क लेखक छथि :

(A) अशोक
(B) लिली रे
(C) विभा रानी
(D) महेन्द्र मलंगिया

39. चन्दा झाक सर्वाधिक लोकप्रिय पोथी अछि :

(A) वाताह्वान
(B) पुरुष परीक्षाक अनुवाद
(C) मिथिला–भाषा रामायण
(D) गीत सप्तशती

www.careerindia.com

40. 'कवि चूड़ामणि'क उपाधिसँ विभूषित छलाह :

(A) वैद्यनाथ मिश्र 'यात्री'
(B) राजकमल चौधरी
(C) काशीकान्त मिश्र 'मधुप'
(D) कांचीनाथ झा 'किरण'

41. वैदिक संस्कृति भिन्न छल :

(A) बौद्धसँ
(B) जैनसँ
(C) इस्लामसँ
(D) उक्त तीनूसँ

42. निम्नलिखितमे 'स्वर वर्ण' अछि :

(A) क
(B) त
(C) त्र
(D) आ

43. संख्यावाचक विशेषणक उदाहरण अछि :

(A) चारि गुण
(B) लाल कपड़ा
(C) एहन घर
(D) कारी गाय

44. 'पुस्तकालय' शब्दक सन्धि विच्छेद होइछ :

(A) पुस्त + कालय
(B) पुस्तका + लय
(C) पुस्तक + आलय
(D) पुस् + तकालय

45. 'महालय' शब्दक सन्धि–विच्छेद होइछ :

(A) मह + लय
(B) महा + लय
(C) महा + आलय
(D) महाल + य

www.careerindia.com

46. रामलोचन शरणक रचना अछि :

(A) मिथिलाक सांस्कृतिक सीमा

(B) राष्ट्रभाषा ओ मातृभाषा

(C) पर्यावरण

(D) बाबाक आत्मीयता

47. रवीन्द्र नाथ ठाकुरक गीत नीक लगलैक :

(A) बाल–बच्चाकेँ

(B) युवक–युवतीकेँ

(C) बूढ़–जवानकेँ

(D) उक्त तीनूकेँ

48. 'जीवनकेँ मान दैछ बच्चा' पाँती अछि :

(A) 'बच्चा' शीर्षकक

(B) 'हाथ' शीर्षकक

(C) 'वन्दना' शीर्षकक

(D) 'एड्सक कालनाग' शीर्षकक

49. अवहट्ठमे विद्यापति क रचना छनि :

(A) कीर्तिलता

(B) पुरुष परीक्षा

(C) कीर्तिपताका

(D) (A) आ (B) दूनू

50. विद्यानाथ झा 'विदित' प्रकाशित ग्रन्थक संख्या अछि :

(A) पाँच

(B) दस

(C) पन्द्रह

(D) बीस

51. कर्णाटवंशक अन्तिम राजा छलाह :

(A) मल्लदेव

(B) नान्यदेव

(C) शंकरदेव

(D) हरसिंहदेव

www.careerindia.com

52. 'चेतह बाल–युवा नवतुर–जल ............ चेताबै छे'

– एतए रिक्त–स्थानमे होएत :

(A) मौत (B) मोनक

(C) मोनक मीत (D) गीत

53. 'कल्पनाक स्वर्गमे .............. लोक'

– एतए रिक्त स्थानमे होएत :

(A) बूलत (B) चलत

(C) रहत (D) घूमत

54. डॉ0 सुभद्र झाकेँ डी0लिट्. उपाधि देल गेल रहनि :

(A) 1944 ई0 मे (B) 1941 ई0 मे

(C) 1942 ई0 मे (D) 1940 ई0 मे

55. दियासलाइक काठी बनैत अछि :

(A) शीशमसँ (B) सागवानसँ

(C) महोगनीसँ (D) सिम्मरसँ

56. संविधान सभामे संविधानक स्वीकृति भेटलैक :

(A) 26 नवम्बर, 1949 मे (B) 1950 ई0 मे

(C) 25 मार्च, 1946 मे (D) 1956 ई0 मे

www.careerindia.com

57. उद्‌गमक आधार पर शब्दक भेद होइछ :

(A) दू (B) तीन

(C) चारि (D) पाँच

58. 'कवि' शब्दक स्त्रीलिंग रूप होइछ :

(A) कवियित्री (B) कवियत्री

(C) कवियीत्री (D) कवयित्री

59. 'चौराहा' शब्द समासभेदक अन्तर्गत अबैछ :

(A) कर्मधारय (B) द्विगु

(C) द्वन्द्व (D) बहुब्रीहि

60. 'अहाँक अस्तित्वक .............. थिकीह'

– एतए रिक्त–स्थानमे होएत :

(A) गरिमा (B) महिमा

(C) करिश्मा (D) तिलस्मी

61. विज्ञान जननिहार कहाइत छथि :

(A) वेज्ञानिक (B) विज्ञानिक

(C) विज्ञानज्ञ (D) वैज्ञानिक

62. मांगन खवास जानकार थिकीह :

(A) विद्यापतिक गीतक (B) लोकगीतक

(C) धमारक (D) उक्त तीनूक

www.careerindia.com

63. 'भोजन' शीर्षकक नायिका थिकीह :

(A) प्राथमिक विद्यालयक शिक्षिका
(B) मध्य विद्यालयक शिक्षिका
(C) उच्च विद्यालयक शिक्षिका
(D) कॉलेजक प्राध्यापिका

64. 'आइ कालिह परसू' कथा संग्रहक लेखक छथि :

(A) भाग्य नारायण झा
(B) राजमोहन झा
(C) जयकान्त मिश्र
(D) रवीन्द्रनाथ ठाकुर

65. बियालीसम संविधान संशोधन द्वारा कर्त्तव्यक सूची जोड़ल गेल :

(A) छओ
(B) आठ
(C) दस
(D) बारह

66. विद्यापतिक रचनाक भाषा अछि :

(A) संस्कृत
(B) मैथिली
(C) अवहट्ठ
(D) उक्त तीनू

67. भीमराव लंदन 'स्कूल ऑफ इकोनोमिक्स'मे पढ़लनि :

(A) अर्थशास्त्र
(B) लॉ
(C) राजनीतिशास्त्र
(D) धर्मशास्त्र

68. 'पढ़बाक योग्य' कहाइत अछि :

(A) पठ्य
(B) पठनीय
(C) पाठ
(D) पाठक

69. डॉ0 अम्बेदकरकैं गवर्मेंट लॉ कॉलेजक प्रिंसिपल नियुक्ति कयल गेल :

(A) 1930 ई0 मे

(B) 1932 ई0 मे

(C) 1935 ई0 मे

(D) 1938 ई0 मे

70. 'दि फॉरमेशन ऑफ दि मैथिली लैंग्वेज'क रचयिता छथि :

(A) डॉ0 लक्ष्मण झा

(B) डॉ0 सुभद्र झा

(C) डॉ0 अमरनाथ झा

(D) डॉ0 जयकान्त मिश्र

71. 'दसरथकैं तीन रानी छलनि' मे 'तीन' विशेषण भेल :

(A) निश्चयवाचक

(B) गुणवाचक

(C) संख्यावाचक

(D) परिमाणवाचक

72. 'बीनू पढ़ैत रहत' 'काल' क उदाहरण अछि :

(A) सामान्य वर्त्तमानक

(B) सामान्य भविष्यत्क

(C) अपूर्ण भविष्यतक

(D) अपूर्ण भूतक

73. 'जरब' क्रियासँ विशेषण बनैछ :

(A) जरल

(B) जरलाह

(C) जरुआ

(D) (A) आ (B) दूनू

74. 'किरानी' शब्दभेदक अन्तर्गत अबैछ :

(A) संस्कृत तत्सम

(B) तद्भव

(C) देशज

(D) विदेशज

www.careerindia.com

75. 'घ' वर्णक उच्चारण स्थान थिक :

(A) कण्ठ
(B) तालु
(C) मूर्धा
(D) दन्त

76. 'पशु' शब्द लिंगभेदक अन्तर्गत अबैछ :

(A) पुँल्लिग
(B) स्त्रीलिंग
(C) उभयलिंग
(D) नपुंसकलिंग

77. 'निः' उपसर्गसँ बनल शब्द थिक :

(A) निर्बल
(B) निर्भय
(C) निराकार
(D) उक्त तीनू

78. 'मिथिला' जनपदकँ बसौलनि :

(A) मिथि
(B) याज्ञवल्क्य
(C) राजर्षि निमि
(D) जनक

79. जनक द्वारा आयोजित शास्त्रार्थमे विजयी भेलाह :

(A) आरुणि
(B) गार्गी वाचकन्वी
(C) विदग्ध
(D) याज्ञवल्क्य

80. सूर्य द्वारा 'यजुर्वेद'क शिक्षा प्राप्त कयनिहार छलाह :

(A) गार्गी वाचकन्वी
(B) उसस्त चक्रायण
(C) शाकल्य
(D) याज्ञवल्क्य

www.careerindia.com

81. 'साहित्य अकादेमी' मूल पुरस्कार प्राप्त कएलनि :

(A) अशोक

(B) रत्नेश्वर मिश्र

(C) महेन्द्र मलंगिया

(D) लिली रे

82. राजमोहन झाक 'आइ काल्हि परसू' प्रथम प्रकाशित भेल :

(A) 1972 ई0 मे

(B) 1984 ई0 मे

(C) 1993 ई0 मे

(D) 2009 ई0 मे

83. 'मणिमंजरी' रचना अछि :

(A) ज्योतिरीश्वरक

(B) अमिअकरक

(C) विद्यापतिक

(D) चन्दा झाक

84. 'निर्विकार' शब्दक सन्धि विच्छेद होइछ :

(A) निः + विकार

(B) नि + र्विकार

(C) निर्वि + कार

(D) उक्तमे कोनो नहिः

85. 'यात्री'क कविता संग्रह छनि :

(A) पृथ्वी ते पात्रं

(B) नवतुरिया

(C) चित्रा

(D) उक्तमे कोना नहि

86. वैद्यनाथ मिश्र 'यात्री'क गाम रहनि :

(A) ठाढ़ी

(B) तरौनी

(C) वाजितपुर

(D) नागदह

www.careerindia.com

87. कविता संग्रह 'हस्तक्षेप'क रचयिता छथि :

(A) भोला लालदास
(B) चन्दा झा
(C) तारानन्द वियोगी
(D) वैद्यनाथ मिश्र 'यात्री'

88. जगत् + नाथ = जगन्नाथ सन्धिक उदाहरण थिक :

(A) स्वरक
(B) व्यञ्जनक
(C) विसर्ग
(D) उक्तमे कोना नहि

89. 'मातृभूमिक माटिसँ बढ़ि श्रेष्ठ आर दुलार की'

– पाँती अछि :

(A) 'बच्चा' शीर्षकक
(B) 'वन्दना' शीर्षकक
(C) 'हाथ' शीर्षकक
(D) 'समय–साल' शीर्षकक

90. राष्ट्रपति द्वारा श्रेष्ठ ओ दक्ष शिल्पी पुरस्कार गोदावरी देवीकेँ भेटल रहनि :

(A) 1970 ई0 मे
(B) 1975 ई0 मे
(C) 1980 ई0 मे
(D) 1990 ई0 मे

91. भोजन + आलय = भोजनालय सन्धिक उदाहरण थिक :

(A) विसर्गक
(B) व्यञ्जनक
(C) दीर्घक
(D) गुणक

92. 'ममता गाबय गीत' फिल्म अछि :

(A) रवीन्द्रनाथ ठाकुरक
(B) 'यात्री'क
(C) महेन्द्र मलंगियाक
(D) हरिमोहन झाक



www.careerindia.com

93. 'क' उपसर्ग सँ बनल शब्द नहि थिक :

(A) कपार (B) कहार

(C) कर्त्तव्य (D) कपाट

94. उमाकान्तक रचना अछि :

(A) बाबाक विजया (B) सीता

(C) अपन बात (D) उक्त तीनू

95. 'बाबा साहेब' राज्य सभाक सदस्य रहलाह :

(A) 1952 ई0 धरि (B) 1954 ई0 धरि

(C) 1956 ई0 धरि (D) मृत्युपर्यन्त

96. जनकक द्वारा आयोजित शास्त्रार्थमे उपस्थित रहथि :

(A) गार्गी वाचकन्वी (B) उद्दालक आरुणि

(C) याज्ञवल्क्य (D) उक्त तीनू

97. पुरुषवाचक सर्वनामक भेद होइछ :

(A) दू (B) तीन

(C) चारि (D) पाँच

98. शक्तिक उपासक कहाइत अछि :

(A) शाक्त (B) शक्तिधर

(C) शक्तिमान (D) शक्तिशाली

www.careerindia.com

99. विद्यानाथ झा 'विदित' छथि :

(A) साहित्यकार
(B) ओकिल
(C) स्कूल शिक्षक
(D) स्वतंत्र व्यवसायी

100. पाठ्यांशक अनुसार एक वृक्ष लगा देलासँ ........ पुत्र होयबाक पुण्य होइत अछि

– एतए रिक्त–स्थानमे होएत :

(A) दस
(B) बीस
(C) पचास
(D) एक सय

## [k.M & c

## fo"k;fu"B i.'u

1. निम्नलिखितमे कोनो ,d विषय पर निबन्ध लिखू : (लगभग 250–300शब्दमे ) 1 X 10 = 10

(क) स्वतंत्रता दिवस

(ख) होली

(ग) अकाल

(घ) बेरोजगारी

(ङ) क्रिकेट

2. निम्नलिखितमे कोनो एक प्रश्नक उत्तर दिअ :

(क) बहिनक विवाहमे अयबा लेल मित्रकँ पत्र लिखू।

(ख) स्कूलक मासिक फीस माफ करबा लेल प्राचार्यसँ आवेदन करू।

www.careerindia.com

3. उपयुक्त शीर्षक दैत निम्नलिखितमे कोनो दा उहदरणक संक्षेपण करू : 2 X 4 = 8

(क) परोपकारीक उदाहरण भारतक इतिहासमे भरल–पड़ल अछि। राजा शिवि परबाक रक्षा लेल अपन शरीरक मांस दान कयल, दधीचिक हड्डीसँ अस्त्र बनल जे वृत्रासुरक नाश कयलक। महात्मा गाँधी अपन जीवन दान कयल, समाज, देश आदिक हेतु। जटायु अपन जीवन आँट कयलक सीताजीक रक्षा लेल।

(ख) छात्र समाज, देश आ राष्ट्रक उत्थान हेतु भावी कर्णधार थिकाह। हुनका लोकनिक जीवनक विकास मुख्यतया छात्रावासहिमे होइछ। अतएव एकर महत्त्व महान अछि, परंच एकर कुप्रबंधसँ कोनो व्यक्तिक विकास विकृत भय सकैछ, तँ उचित थिक जे एहि निवासक सुव्यवस्था हेतु सब सावधान रहय। एहि कार्य लेल विद्यालयक अधिकारी, छात्रक अभिभावक तथा सरकार सबहिक सहयोग आवश्यक थिक। छात्रावास हेतु उपयुक्त अधीक्षक नियुक्ति आवश्यक होइछ, जिनकर सुव्यवस्थित संचालनसँ छात्रावासक छात्रक सर्वांगीण विकास सम्भव भए सकय आ जीवनोद्देशक पूर्तिमे सफलता आनि सकय।

(ग) सौभाग्यसँ आइ हमरा सभकेँ अपन देशक स्वरूप–निर्माण करबाक अवसर प्रदान भेल अछि, जँ एखन हम अपन उत्तरदायित्व नहि बुझी तँ हमर अक्षम्य अपराध होयत। सम्प्रति जे भारतक सामाजिक तथा राजनीतिक परिस्थितिक अध्ययन करताह तनिका स्पष्ट देखि पड़तनि जे पाश्चात्य देशक भौतिकवादक भित्ति पर निर्मित सिद्धान्त सभक बाढ़िसँ ई पवित्र देश इतस्ततः ध्वस्त भए रहल अछि। एहि हेतु आवश्यक छैक जे प्राचीन भारतीय साहित्यक अध्ययन करबाक सभ प्रकारक सुविधा प्रदान कयल जाय।

www.careerindia.com

(घ) महात्मा गाँधी जी एहि शिक्षाक परिवर्तन हेतु साकांक्ष छलाह तथापि समय अपेक्षित छलैक। संयोगसँ कॉग्रेसक मंत्रिमंडल बनल। महात्मा जी अपन वर्धा–शिक्षा योजना कार्यान्वित कयल। एहिसँ हिनका स्पष्ट भए गेलनि जे देश, समाज, वातावरण आ परिस्थितिक अनुकूल आधार शिक्षासँ पूर्व निर्मित शिक्षांक त्रुटिक निराकरण भए जायत। एहि हेतु अनेक प्रकारक विशेषतासँ पूर्ण आधार–शिक्षा 1938 ई0 मे लागू कयल गेल।

4. निम्नलिखितमे कोनो ,dVkd आशय लिखू :

(क) न्याय वैह जे हमरा प्रिय, हमरे हितमे हो

सत्यक गवाही अछि

हमरा ले धैन सन।

(ख) गाम घरमे प्रसिद्ध छैक जे बतहिया लौंगिया मिरचाइ छैक, किन्तु बेर–कुबेर ओ गूड़क भेली भऽ जाइछ, अनमन वैह फकरा जकाँ–जेम्हरे देखली खीर, तेम्हरे बैसलीह फीर।

5. निम्न लघूत्तरीयमे कोनो <u>पाँच</u> लघूत्तरीय प्रश्नक उत्तर दिअ : 5 X 2 = 10

i. बाबाकँ की सभ पसिन्न नहि छलनि ?

ii. जैन धर्म मिथिलामे विकसित नहि भऽ सकल किएक ?

iii. क्रैक समदर्शी अछि, कोना ?

iv. 'यात्री' लिखित कोनो तीन उपन्यासक नाम लिखू।

v. माँगन खवासक स्वर खराब भऽ जाइन, ताहि लेल की कयल गेल रहय ?

www.careerindia.com

CAREERINDIA

vi. सुभद्र झाक इच्छा डॉक्टरी पढ़बाक रहनि, मुदा ओ किएक नहि भऽ सकलनि ?

vii. 'लीक छाड़ि तीनू चलय शायर सिंह सपूत'क की अभिप्राय अछि ?

viii. आजुक भोजन एक यांत्रिक क्रिया बनि रहि गेल अछि ? कोना ?

ix. 'आमदसँ कम खर्चा करबै' मे कविक कहबाक की अभिप्राय छनि ?

x. जंगली सभ गाछ–वृक्षकँ देवता जकाँ किएक पूजऽ लागल ?

6. निम्नलिखितमे कोनो दू दीर्घोत्तरीय प्रश्नक उत्तर दिअ। 2 X 5 = 10

(क) चन्द्रमुखीक चरित्र–चित्रण करू।

(ख) एड्सक प्रसारक कारण संगहि ओकरासँ बचबाक उपाय लिखू।

(ग) देशक विकासमे जवान आ किसानक भूमिकाक उल्लेख करू।

(घ) विद्यापतिक साहित्यिक परिचय लिखू।

x x x

www.careerindia.com